# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–01 फरवरी 2026 भोजपुरी समाचार

केन्द्रीय वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन आजु लोकसभा में वित्त बरिस–2026–27 क बजट पेश कइलिन। ई उनकर रेकॉड नउआं बजट रहे जेह में खात तौर से क्षमता निरमाण अउर सुधार पर खास धियान दिहल गइल हौ। वित्त मंत्री येहके युवा सक्ति संचालित बजट कहलिन बजट में वित्त मंत्री छह सेक्टर में नया पहल क परसताव करत कहलिन कि एक दसक से जारी सुधार क कोसिसन से तकरीबन पचीस करोड़ लोगी गरीबी से उप्पर उठल हवें। वित्त मंत्री भारत के वैस्विक जैव अवसधि विनिर्माण केन्द्र के रूप में बिकसित करते बदे अगिला पांच बरिस में दस हजार करोड़ रूपिया के खरच क परस्ताव कइलिन।

आजु पेस कइल गइल बजट में आयकर में कउनो बदलाव नाही कइल गइल हौ। बजट में संसोधित रिटर्न चाहे विलंबित रिटर्न दाखिल कइले क समय बढ़ावे क परस्ताव हौ। येहके दाखिल करे क समय कर बर्स के बादे 31 मार्च ले कइल गइल हौ। सरकार लाभांस और म्चुअल फंड कमाई पर ब्याज कटौती हटावे क घोसणा कइल हौ। बजट में स्वास्थ्य अ चिकित्सा पर खास धियान दिहल गइल हौ। येकरे तहत ढेरि कुसल स्वास्थ्य कर्मियन के तइयार करे बदे तीन नया आयुर्वेदिक एम्स बनावल जाई। कैंसर रोगियन बदे 17 दवाईयन पर मूल सीमा सुल्क से छूट दिहल गइल हौ।

**********

केन्द्रीय बजटि में महिला उद्यमियन के सशक्त बनावे बदे सेल्फ हेल्प  एंटरप्रेन्योर–शी–मार्ट्स बनउले क प्रस्ताव कइल गइल हौ। यहे से गांव क महिला लोगिन क उत्पाद के सोझे बाजार मिली।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कहलें हवे कि आजु पेस कइल गइल बजट देस के हित में हौ अउर येहसे विकास के नया उरजा मिली। उहां के कहलीं कि येह बजट में नौयुवकन बदे कई परावधान कइल गइल हौ।

**भारत को दुनिया का डेटा सेंटर हब बनाने के लिए टैक्स में बड़ी छूट की घोषणा भी की गई है। मैं भारत के युवाओं को विशेष तौर पर इस बजट की बहुत–बहुत बधाई देता हूं।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो केन्द्रीय बजट क सराहना कइले हवें। उहां के कहलीं कि ई बजट नया अउर विकसित भारत के कलपना क रोडमैप लेकर पेस कइल गइल हौ।

**यह बजट समाज के प्रत्येक तबके को, युवा हो, महिलाएं हो, अन्नदाता किसान हो, उद्यमी हो इन सबको ध्यान में रखकर बनाया गया है। यह नये भारत का, विकसित भारत की तरफ अग्रसर हो रहे भारत का एक स्थिर लेकिन तेज गति से बढ़ने वाली अर्थव्यस्था के रूप में प्रस्तुत करने वाला बजट है। मैं इस बजट के सभी प्रावधानों का हृदय से स्वागत करता हूँ। आदरणीय प्रधानमंत्री जी के प्रति आभार व्यक्त करता हूँ। केन्द्रीय वित्त मंत्री जी को इस बजट को प्रस्तुत करने के लिए, जो कर्तव्य भाव से प्रस्तुत किया गया है, मैं उन्हें हृदय से बधाई और धन्यवाद देता हूँ।**

**********

केन्द्रीय बजट में सात हाई स्पीड रेल कॉरिडोर बनवले क परस्ताव कइल गइल हौ। येहमें दुई कॉरिडोर दिल्ली–वाराणसी अउर वाराणसी–सिलीगुड़ी कॉरिडोर यूपी के जोडे लें। हाई स्पीड रेल से लमहर दूरी क सफर क टाइम काफी कम हो जाई। एकरे सथही बजट में बनारस में इनलैंड वॉटरवेज शिप रिपेयर ईको सिस्टम के स्थापना क परस्ताव हौ। बजट में परयटन आ सांस्कृतिक धरोहर के संरक्षणों के महातम दिहले गइल हौ एकरे तहत सारनाथ अउर हस्तिनापुर के देस के 15 परमुख पुरातात्विक परयटन स्थलन में सामिल कइल गइल हौ।

**********

प्रयागराज में माघ मेला क 5वां परमुख नहान माघी पूर्णिमा पर आजु भोरवे से त्रिवेणी में डुबकी लगावे बदे सरधालुअन क हुजूम उमड़ल पड़ल। संझा 4 बजे ले दुई करोड़ सरधालु प्रयागराज में आस्था क डुबकी लगा चुकल रहलें । सरधालुअन क सुरक्षा अउर सुविधा बदे परसासन पुरहन इतिजाम कइले रहे। येह मौका पर प्रयागराज के अलावा परदेस के अउरियों जिला में सरधालु लोग पवित्र नदीयन में आस्था क डुबकी लगवले।

**********

आजु महान समाज सुधारक अउर दार्शनिक संत रविदास क जयंती मनावल जा रहल हौ। बनारस जिला में सीर गोवर्धनपुर क संत रविदास मंदिर में भिन्नहिये से सरधालुअन क तांता लगल रहे। लखनऊ में आयोजित संत रविदास जयंती समारोह में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि सद्‌गुरू रविदास जी क प्रेरणा हम सभन के लोक कल्याण बदे आग्रही बनावेला। मुख्यमंत्री कहलें कि केन्द्र आ परेदस क सरकार महापुरूसन बदे सरधा रक्खे ले अउर उनकर आदरसन के अनुसार काम करे ले परदेस के अउरियो जिला में संत रविदास जयंती सरधा के साथे मनावल गइल। गोरखपुर के गुरूद्वारा जटाशंकर में आयोजित समारोह में रविदास समाज के प्रमुख लोगिन के सम्मानित कइल गइल।

**********